


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, nyaéta panalungtikan panalungtikan anu ngabogaan tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naonaon anu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna paripolah, persépsi, motivasi, tindakan, dina hiji kontéks anu husus tur alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moleong, 2007, kc. 6). Ari métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif, nyaéta métode anu nalungtik hiji kayaan, kondisi, situasi, jsb., anu hasilna disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2014, kc. 3). Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsiun polah ucap langsung jeung teu langsung dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi anu ungkarana dipasing-pasing dumasar sipat polah ucap, jeung dipasing-pasing dumasar ma'na polah ucap.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif disusun désain panalungtikan, anu gunana pikeun ngawatesanan hal-hal anu baris ditalungtik sarta léngkah-léngkahna. Desain panalungtikan mangrupa rarancang atawa rancangan anu dijueun ku panalungtik, salaku acuan kagiatan anu baris ditalungtik (Arikunto, 2014, kc. 90). Ku kituna, léngkah-léngkah dina désain ieu panalungtikan bisa ébréh ti mimiti (1) masalah panalungtikan, (2) téhnik ngumpulkeun data, (3) sumber data, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngolah data, (6) déskripsi data, nepi ka (7) kacindekan. Ieu di handap dibagankeun désain ieu panalungtikan.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi. Anapon data lian nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu

Syifa Nurafifa, 2022

**POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI
(ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan diantarana buku sumber, artikel jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu patali jeung ulikan polah ucap sarta ma'na.

Nurutkeun Arikunto (2014, kc.172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa digunakeun pikeun nyangking data. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi. Novél *Babalik Pikir* dicitak munggaran ku Balé Pustaka taun 1932. Satuluyna anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta citakan kaopatna, anu diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama, di Bandung taun 2018.

3.2.1 Idéntitas Novél

Judul : Babalik Pikir

Pangarang : Samsoedi

Medal : - Citakan ka-1 1932

- Citakan ka-2 Séptember 2002

- Citakan ka-3 Maret 2007

- Citakan ka-4 Agustus 2011


Penerbit : Citakan ka-1 Balé Pustaka Citakan ka-2, ka-3, ka-4

PT. Kiblat Buku Utama

Kandel Buku : 72 kaca jeung 9 épisodeu

Ukuran Buku : 20,9 cm × 14,4 cm

Gambar 3.1
Jilid Novél *Babalik Pikir*



3.2.2 Tingkesan Carita

Novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi ngagambarkeun kahirupan hiji budak lalaki anu wangkelang ka kolotna. Karesepna taya deui ngan ulin ampleng-amplengan. Alatan pamolahna anu sok musingkeun téa. Sagala kahayangna kudu waé dicumponan teu paduli kumaha baé carana. Pangna kitu téh lantaran diogo pisan ku indungna, kawantu budak ngan hiji-hijina.

Eméd si budak lalaki téa téh aya kahayang anu teu katedunan ku indungna. Lantaran heureut pikir, Eméd terus kakaburan. Dasar budak, remen migawé lampah salah. Népi ka bapana cilaka sabab neangan si Eméd malah népi ka maotna. Dina hiji waktu mah sapaninggal bapana, Si Emédna mah anger baé ogoan, tara ningali kaayaan. Nya dina kakburanana éta manéhna loba mikir yén salila ieu kalakuanna téh salah. Tah, nya ti harita Si Eméd hayang ngeureunun kasalahan, éling di bebeneran.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data kaasup léngkah anu kudu dilakukeun dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 224) ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Aya sababaraha tahap dina ngumpulkeun data, nyaéta:

- a. Nangtukeun novél nu rék dijadikeun sumber data panalungtikan.
- b. Milih novél nu dijadikeun bahan sumber data panalungtikan.

- c. Maca sarta nyirian kalimah dina novél nu kaasup kana polah ucap langsung jeung teu langsung sarta ma'na polah ucap.
- d. Ngaidéntifikasi data anu kaasup kana polah ucap langsung jeung teu langsung sarta ma'na polah ucap.
- e. Nganalisis polah ucap angsung jeung teu langsung sarta ma'na polah ucap dina novél jeung,
- f. Nyieun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun nyaéta kartu data dipaké pikeun gumpilkeun data tina sumber data. Instrumén panalungtikan nyaéta alat pikeun meunangkeun data (Sudjana, 2015, kc. 58).

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina prakna ngumpulkeun data, instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun nyalin data polah ucap tina téks novél. Eusi informasi dina kartu data, nyaéta (1) no data; (2) cutatan data paguneman; (3) kode sumber data. Conto format kartu data:

No. Data: 01	Kode Sumber Data: BP/1/5/A
Cutatan Data Paguneman	
PE : “Ari Si Eméd geus hudang, manéhna?”	
AE: “ <i>Ih, si éta mah irahaeun teuing hudang rebun-rebun, tampolana najan moncorong panonpoé ogé, ari teu diguyah-guyah mah, tara buru-buru hudang.</i> ”	

Bagan 3.1 Kartu Data

Keterangan:

- No. : Nomer
- BP : Babalik Pikir
- 1 : Bagian novél
- 5 : Kaca novél
- A : Polah Ucap Langsung
- AE : Ambu Eméd

Syifa Nurafifa, 2022

*POLAH UCAP LANGSUNG JEUNG TEU LANGSUNG DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI
(ULIKAN SEMANTIK JEUNG PRAGMATIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

PE : Pa Eméd

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén anu dipaké dina ngolah data nyaéta sistem tabulasi, anu eusina ngawengku (1) nomer data, (2) data paguneman, (3) kode sumber data, jeung (4) papasingan data.

Tabel 3.1
Instrumén Sipat Polah Ucap

No.	No. Data	Data Paguneman	Sipat Polah Ucap							
			1	2	3	4	5	6	7	8

Tabel 3.2
Instrumén Ma'na Polah Ucap

No.	No. Data	Data Kalimah	Ma'na Polah Ucap		
			A	B	C

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngolah data nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur anu dianalisisna nyaéta sipat polah ucapan jeung ma'na polah ucapan.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data, nyaéta:

- 1) mariksa polah ucap langsung jeung teu langsung anu aya dina paguneman anu kapaluruh dina sumber data;
- 2) ngaruntuykeun jeung ngodean data polah ucap;
- 3) nyieun papasingan polah ucap dumasar kana sipat jeung ma'nana;
- 4) nganalisis polah ucap dumasar kana sipat jeung ma'nana;
- 5) ngadéskrisikeun polah ucap dumasar kana sipat jeung ma'nana;
- 6) napsirkeun polah ucap dumasar kana sipat jeung ma'nana; jeung
- 7) nyindekkeun polah ucap langsung jeung teu langsung tina hasil analisis data.